



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AJOUTE 12 MILYON DOLA NAN PWOGRAM KI EDE KONSOMATÈ YO EKONOMIZE JISKA 2,000 DOLA LÈ Y AP ACHE VEYIKIL ELEKTRIK

Pwogram Rabè pou Kondui Pwòp la ede Nouyòkè yo kondui machin ki pi pwòp ak redui depans inisyal yo.

2.7 milyon dola te bay nan sibvansyon pou 49 pwojè minisipal pou finanse veyikil ak chajè zewo emisyon yo, k ap ede redui emisyon yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 12 milyon dola te ajoute nan pwogram Rabè pou Kondui Pwòp la pou ede konsomatè yo ekonomize jiska 2,000 dola nan acha yon veyikil elektrik ak 2.7 milyon dola ki te bay ak gouvènman lokal yo pou achte veyikil elektrik ak enstale estasyon rechaj/ravitayman pou piblik la itilize pou lite kont chanjman klimatik ak konstwi kominote ki pi an sante. Ansanm, pwogram rabè pou konsomatè a ak sibvansyon yo bay yo ak 49 pwojè kominotè yo bay yon total 14.7 milyon dola pou fè avanse efò Eta a yo pou atenn objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) odasye New York la pou redui emisyon gaz a efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050

"Veyikil zewo emisyon yo se youn nan fason ki pi efikas pou redui emisyon gaz a efè sè ak ranfòse elektrifikasyon sektè transpò nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** " Chak etap enpòtan nou atenn nan fè tranzisyon nan veyikil elektrik pwòp yo se yon lòt etap pi pre pou amelyore kalite lè nan kominote yo, epi New York fyè pou li kontinye trase wout nan direksyon yon avni ki pi pwòp ak pi vèt".

Pou konsomatè yo k ap achte oswa lwe yon veyikil elektrik, pwogram Rabè pou Kondwi Pwòp la ofri yon rabè nan pwen de vant lan ki redui depans inisyal yo. Disponib nan tout 62 konte yo nan Eta a, se konsesyonè machin yo ki ofri rabè ke Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la ap administre a. Rabè yo ki varye ant 500 dola - 2,000 dola disponib nan youn nan plis pase 60 modèl veyikil epi konsomatè yo resevwa pi gwo rabè pou acha oswa lokasyon veyikil ki elektrik nèt, ki pakouri pi gwo distans avèk yon Pri Detay debaz ke Fabrikan Sijere ki mwens pase 42,000 dola.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Prim ZEV ak pwogram Rabè pou Kondui Pwòp Eta New York la voye mesaj

enpòtan bay kominote ak konsomatè yo, kounye a se moman pou nou pran mezi senp pou posede yon veyikil elektrik oswa konstwi yon flòt veyikil elektrik. Nou tout kapab fyè dèske chajè ak enfrastrikti EV (veyikil elektrik) yo pi dominan nan Eta a ke sa te janm ye anvan, k ap sipòte tout Nouyòkè yo nan efò yo pou redui anprent kabòn yo avèk opsyon transpò ki pi pwòp ki ede konstwi kominote ki pi djanm, pi an sante nan batay nou kont chanjman klimatik".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC) a, Basil Seggos te deklare, "Eta New York ap fè gwo investisman pou fè sektè transpò nou an vin pi vèt nan travay men nan men avèk kominote yo. Mwen aplodi efò Gouvènè Hochul ki sipòte aksyon yo nan nivo lokal. Benefisyè sibvansyon jodi a ap trase yon egzanp pwòp, vèt pou rès Eta a ak peyi a. Achte veyikil elektrik ak enstale estasyon rechaj pral ede minisipalite sa yo, ansanm ak rezidan ak vizitè yo, epi montre kijan kominote sa yo ap fè li tounen yon priyorite pou redui emisyon gaz a efè sè ki afekte klima a".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare, "Rechaj rapid ak aksesib byen fasil se kle pou akseptans global transpò san emisyon. Konstwi enfrastrikti gras ak pwogram EVolve NY New York la rann li fasil pou konsomatè yo fè pati pa yo nan ede Eta a atenn objektif anbisye li yo nan redui polisyon gaz a efè sè ak kreye yon anviwònman ki pi sen pou nou tout".

2.7 milyon dola nan sibvansyon pou faz 2021 pwogram minisipal DEC Veyikil Zewo Emisyon (Zero-Emission Vehicle, ZEV) jwenn finansman Fon Pwoteksyon Anviwònman Eta a epi se Depatman Konsèvasyon Anviwòmantal (DEC) la ki administre yo. 49 prim pou 20 minisipalite bay an total apeprè 2.5 milyon dola pou ede finanse enstalasyon 200 pò rechaj nivo 2 siplemantè, sis sòk chaj rapid kouran kontini (DCFC) ak de bouch ravitayman an idwojèn. Anplis de sa, 10 prim ki bay yon total 215,000 dola te bay ak nèf minisipalite pou sipòte acha 32 veyikil elektrik ak batri sèlman pou flòt minisipal la itilize. Veyikil ki kalifye yo dwe gen yon ranje elektrik minimòm ki se 80 kilomèt.

Benefisyè prim ZEV 2021 yo se:

Capital District

Vil Rochester: 44,965 dola pou uit pò rechaj nivo 2

Central New York

Vil Dewitt: 297,700 dola pou de bouch ravitayman an idwojèn ak kat pò rechaj nivo 2

Vil Manlius: 21,286 dola pou kat pò rechaj nivo 2

Finger Lakes

Vil Canandaigua: 358,984 dola pou uit pò rechaj nivo 2

Konte Monroe: 248,360 dola pou 16 pò rechaj nivo 2

Vilaj Perry: 7,500 dola pou yon veyikil elektrik ak batri

Long Island

Vil East Hampton: 250,000 dola pou 20 pò rechaj nivo 2
Vilaj Hempstead: 15,000 dola pou de veyikil elektrik ak batri
Vilaj Great Neck Estates: 36,436 dola pou de pò rechaj nivo 2
Vilaj Bayville: 26,871.32 dola pou de pò rechaj nivo 2
Vilaj Port Jefferson: 21,386.25 dola pou de pò rechaj nivo 2
Vil Shelter Island: 15,000 dola pou de veyikil elektrik ak batri

Mid-Hudson

Vil Yonkers: 261,842 dola pou 74 pò rechaj nivo 2
Vil Red Hook - 153,628 dola pou de sòk rechaj rapid
Vil Clarkstown: 89,403 dola pou 10 pò rechaj nivo 2 ak 10,000 dola pou de veyikil elektrik ak batri
Vil Kingston: 73,637 dola pou sis pò rechaj nivo 2
Vil Pound Ridge: 57,790.60 dola pou 20 pò rechaj nivo 2
Vil Montgomery: 51,480 dola pou 10 pò rechaj nivo 2
Vil Poughkeepsie: 46,388 dola pou 10 pò rechaj nivo 2
Vil New Rochelle: 35,000 dola pou sèt veyikil elektrik ak batri
Vilaj Walden: 22,426 dola pou de pò rechaj nivo 2
Vil Fishkill: 7,500 dola pou yon veyikil elektrik ak batri
Vilaj Hastings-on-Hudson: 7,500 dola pou yon veyikil elektrik ak batri
Vilaj Ossining: 5,000 dola pou yon veyikil elektrik ak batri

New York City

Vil New York: 112,500 dola pou 15 veyikil elektrik ak batri

North Country

Vil Westport - 112,108 dola pou yon sòk rechaj rapid

Southern Tier

Vilaj Montour: 104,710 dola pou de pò rechaj nivo 2 ak yon sòk rechaj rapid

Western New York

Vilaj Sherman: 217,200 dola pou de sòk rechaj rapid

Depi kreyasyon li an 2016, Pwogram Minisipal DEC ZEV la te bay plis pase 7.5 milyon dola pou acha 144 veyikil ibrid rechajab, 106 veyikil ki elektrik nèt, 622 pò rechaj nivo 2, 16 sòk rechaj rapid ak twa bouch ravitayman an idwojèn. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://www.dec.ny.gov/energy/109181.html#ZEV>.

Jan sa te anonse nan Ajanda Eta 2022 Gouvènè Hochul la nan 5 janvyè, New York pral akselere adopsyon veyikil elektrik zewo emisyon yo avèk investisman 1 milya dola ki pwopoze pou sipòte adopsyon ak enfrastrikti pou veyikil elektrik, elektrifye flòt Eta a dis 2035, atenn 100 pousan otobis lekòl elektrik dis 2035 ak transfòmè Hunts Point yo pou tounen yon Sant Distribisyon Pwòp.

Otorite Enèji New York la te enstale kounye a 90 estasyon rechaj gwo vitès nan rezo entè-eta EVOlve NY la, ki ap pote rechaj ki gen gwo vitès ak aksè ouvè nan lokal kle yo nan koridò vwayaj prensipal yo ak nan zòn iben yo pou ankouraje adopsyon EV yo.

Pou plis sipòte dekarbonizasyon sektè transpò a, Eta New York te deja [aplike plizyè pwogram kle](#) pou akselere tranzisyon veyikil zewo emisyon yo. Nan septanm, Gouvènè Hochul [te siyen lejislasyon](#) ki fikse yon objektif pou tout nouvo machin pasaje ak kamyon yo vann nan Eta New York pou yo gen zewo emisyon disi 2035. [Gouvènè Hochul te anonse dènyeman tou](#) finalizasyon Règ Kamyon Pwòp Avanse DEC la ki pral mete an plas pwogresivman vant ak itilizasyon kamyon zewo emisyon yo epi pral redui polyan danjere yo a, ki afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl sante ak byennèt kominote ki defavorize yo.

Lwa Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan Lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisyè kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)